



Commonwealth Massachusetts la

DEPATMAN Sèvis Piblik

AVI SOU DEKLARASYON, ODYANS PIBLIK AK DEMANN POU KÒMANTÈ

D.P.U. 24-194

25 fevriye 2025

Petisyon Boston Gas Company, Massachusetts Electric Company ak Nantucket Electric Company pou jwenn apwobasyon yon Pwogram Demonstrasyon Elektrifikasyon Sible (Targeted Electrification Demonstration Program) ak yon Dispozisyon konsènan Pwogram Demonstrasyon Elektrifikasyon Sible a.

Nan dat 6 Desanm 2024, Boston Gas Company, Massachusetts Electric Company ak Nantucket Electric Company, chak d/b/a "National Grid" (yon fason kolektif "National Grid" oubyen "Companies"), depoze nan depatman sèvis piblik ("Department") yon demann apwobasyon pou yon Pwogram Demonstrasyon Elektrifikasyon Sible ("Demonstration Program"). National Grid deklare objektif Pwogram Demonstrasyon an se retire youn oubyen plizyè segman kanalizasyon gaz ki prezante fuit gras ak elektrifikasyon volontè kliyan yo. Depatman an klase dosye sa a nan rejis D.P.U. 24-194.

Nan kad pwogram yo pwopoze a, National Grid ap ofri anviwon 118 kliyan rezidansyèl gaz Winthrop ak Leominster, nan Massachusetts pou yo ranplase tout aparèy gaz ki la yo pa aparèy elektrik, tankou tèmoponp ak lò, san okenn frè inisyèl. National Grid deklare tout kliyan yo bay sèvis ak yon segman kanalizasyon gaz ki prezante fuit dwe aksepte patisipe pou yo kapab retire segman kanalizasyon gaz la nan sèvis nan kad Pwogram Demonstrasyon an.

Pandan n ap konsidere Pwogram Demonstrasyon an apwouve jan yo te mande l la epi 118 kliyan rezidansyèl gaz la aksepte patisipe, antrepriz yo estime depans Pwogram Demonstrasyon an ap \$17.1 milyon. National Grid pwopoze pou rekipere depans Pwogram Demonstrasyon an jan sa dekri pi wo a.

Depans yo Rekipere bò Kote Kliyan Elektrisite yo

- \$11.3 milyon dola depans yo estime nan Pwogram Demonstrasyon yo ap rekipere gras ak nouvo mekanis rapwochman anyèl, Antrepriz yo rele Dispozisyon Pwogram Demonstrasyon Elektrifikasyon Sible.
- \$1.3 milyon pou amelyorasyon rezo elektrik la ki lye ak finansman Pwogram Demonstrasyon an ap rekipere gras ak dispozisyon konsènan enfrastrikti, sekirite, ak fyabilite epi elektrifikasyon National Grid.

Depans yo Rekipere bò Kote Kliyan Gaz yo

- Y ap rekipere montan \$1.9 milyon ki nesèsè pou retire materyèl kanalizasyon gaz la nan sèvis la nan kad Pwogram Amelyorasyon Rezo Gaz National Grid la.

National Grid estime tou patisipan nan Pwogram Demonstrasyon an ap gen aksè pou resevwa \$2.6 milyon kòm prim Mass Save. Antrepriz yo deklare kliyan yo p ap sibi nouvo ogmantasyon fakti yo a ki lye ak prim yo paske frè prim Mass Save yo deja antre nan Plan Efikasite Enèjetik ak Dekarbonizasyon 2025-2027 Massachusetts la (Massachusetts 2025-2027 Energy Efficiency and Decarbonization Plan).

Si Depatman an apwouve Pwogram Demonstrasyon National Grid la jan demann nan te fèt la, National Grid deklare kliyan elektrisite yo ap sibi enpak sa yo sou fakti yo a gras ak dispozisyon Pwogram Demonstrasyon Elektrifikasyon Sible a:

- Kliyan rezidansyèl nan sèvis bazik la ki gen yon konsomasyon abityèl 600 kilowat-lè (“kWh”) pa mwa ta ka konstate fakti mansyèl yo ogmante a \$0.06 oubyen 0,03 pousan nan premye ane a ak \$0.56 oubyen 0.26 pousan nan dezyèm ane a.
- Kliyan rezidansyèl nan sèvis bazik la ki gen yon konsomasyon abityèl 600 kilowat-lè (“kWh”) pa mwa ta ka konstate fakti mansyèl yo ogmante a 0.04\$ oubyen 0,03 pousan nan premye ane a ak 0.38\$ oubyen 0.26 pousan nan dezyèm ane a.

Depatman an ap òganize de (2) odyans piblik pou resevwa kòmantè sou petisyon Antrepriz yo, tankou sa yo:

7 avril 2025 a 7:00 p.m.

Tata Auditorium

Leominster City Hall

25 West Street

Leominster, MA 01453

(Gen entèpretasyon lang Espanyòl, Pòtigè, ak Kreyòl Ayisyen ki disponib)

9 avril 2025 a 7:00 p.m.

Harvey Hearing Room

Winthrop City Hall

1 Metcalf Square

Winthrop, MA 02152

(Gen entèpretasyon lang Espanyòl ki disponib)

Depatman an ap òganize tou yon odisyon piblik vityèl pa mwayen videyokonferans sou Zoom nan dat **mèkredi 16 avril 2025, a 7:00 p.m.** Patisipan yo kapab rejwenn odyans piblik vityèl la a 7:00 p.m. pandan y ap antre sou lyen sa a: <https://us06web.zoom.us/j/84267779519> sou yon òdinatè, yon telefòn entèlijjan, oubyen yon tablèt. Okenn telechajman lojisyèl davans pa rekòmande. Pou w gen yon aksè ak odyo-sèlman ak odyans piblik la, patisipan yo ka konpoze

305-224-1968 oubyen 309-205-3325 (**apèl peyan**) epi antre Idantifyan Wèbinè a: 842 6777 9519. Sèvis entèpretasyon lang Espanyòl, Pòtigè ak Kreyòl Ayisyen ap disponib sou platfòm Zoom nan pandan w ap klike sou bouton "Entèpretasyon" nan meni ki anba ekran aplikasyon Zoom nan epi seleksyone lang ou an.

Tout moun ki ta renmen kòmante sou kesyon sa a kapab fè l pa mwayen ekri pa pi ta pase lè biwo a fèmen an (5:00 p.m.), **17 avril 2025**. Piblik la kapab voye kòmantè ekri li yo pa imèl nan dpu.efiling@mass.gov, jennifer.cargill@mass.gov, epi bay avoka antrepriz la, John K. Habib, Esq. nan jhabib@keeganwerlin.com. Tanpri, sonje, nan yon sousi transparans, tout kòmantè yo ap pibliye sou sit entènèt nou an jan nou te resevwa yo a epi san nou pa siprime enfòmasyon pèsònèl yo, tankou adrès, nimewo telefòn, oubyen imèl. Pou sa, ou dwe reflechi sou kantite enfòmasyon ou ta renmen pataje yo lè w ap soumèt kòmantè yo. Depatman an vrèman ankouraje piblik la voye kòmantè l yo pa imèl. Si, toutfwa, yon manm nan piblik la pa an mezi pou voye kòmantè ekri pa imèl, li kapab voye yon kopi papyè bay Mark D. Marini, Sekretè Depatman Sèvis Piblik, One South Station, Boston, Massachusetts, 02110.

Tout moun ki ta renmen patisipe yon lòt fason nan faz pwobatawa pwosedi sa a dwe depoze yon petisyon pou pi ta **lendi 18 mas 2025** lan, a 5 è. Yon demann otorizasyon pou entèveni dwe reponn kondisyon delè ak montan règleman 220 CMR 1.03 a prevwa yo. Resepsyon demann nan nan Depatman an konstitiye yon depo epi li detèmine si petisyon an te depoze nan delè nòmal la. Yo kapab refize yon petisyon ki depoze twò ta akòz delè a pa respekte, sof si gen yon motif valab ki jistifye yon renonsyasyon dapre règleman 220 CMR 1.01(4) la. Pou jwenn otorizasyon, yon petisyon dapre 220 CMR 1.03(1) dwe reponn ak egzijans kalite G.L. c. 30A, § 10 yo. Tout repons parapò ak petisyon yo dwe depoze avan biwo a fèmen (5:00 p.m.) nan dezyèm jou travay ki vin aprè depo petisyon an.

Tout dokiman yo dwe soumèt bay Depatman an nan **fòma pdf** pa imèl nan dpu.efiling@mass.gov ak jennifer.cargill@mass.gov. Tèks imèl la dwe presize: (1) nimewo dosye pwosedi a (D.P.U. 24-194); (2) non moun oubyen antrepriz ki fè depo a; ak (3) yon tit deskriptif tou kout pou dokiman an. Depatman an ap pibliye tout dokiman ki soumèt nan fòma elektwonik yo imedyatman sa posib sou sit entènèt depatman an pa mwayen Espas Dosye an liy nou yo (antre "24-194") nan: <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber>. Anplis de sa, yo dwe voye yon kopi tout kòmantè ekri yo ak tout petisyon pou entèvansyon yo pa imèl bay avoka antrepriz la, John K. Habib, Esq., nan jhabib@keeganwerlin.com.

Depo tout dokiman ki lye yo te gentan soumèt bay depatman an oubyen depatman an te gentan pibliye yo ap disponib sou sit entènèt depatman an, jan sa endike la a, imedyatman sa posib. Nan mezi yon moun oubyen yon antite ta renmen soumèt kòmantè oubyen entèveni dapre Avi sa a, li mèt sèlman fè l pa mwayen elektwonik, jan sa endike la a. Pou w fè demann dokiman nan fòma ki aksesib pou moun ki andikape yo (bray, gwo ekriti, fichye elektwonik, fòma odyo), kontakte kowòdonatè ADA Depatman an nan eeadiversity@mass.gov oubyen 617-626-1282.

Pou plis enfòmasyon konsènan depo petisyon nan antrepriz la, tanpri kontakte avoka antrepriz la ki idantifye pi wo a. Pou plis enfòmasyon konsènan Avi sa a, tanpri kontakte Jennifer Cargill, Konseye Odyans, Depatman Sèvis Piblik, nan jennifer.cargill@mass.gov.